

## 1 KORENTYEN YO

<sup>1</sup> Paul, aple kon apot Jésus Kri pa volonte Bondye a, ak Sosthène, frè nou, <sup>2</sup> A legliz Bondye ki nan vil Corinthe lan, a sila ki gen tan sanktifye nan Jésus Kri yo, sen ✧pa apèl Bondye yo, avèk tout sila yo nan tout kote ki rele non Senyè nou an, Jésus Kri; Senyè pa yo e pa nou. <sup>3</sup> ✧Gras de nou e lapè Bondye, Papa nou an, ak Senyè a Jésus Kri.

<sup>4</sup> ✧Mwen remèsye Bondye mwen an tout tan, o sijè de nou menm, pou lagras Bondye te bannou nan Jésus Kri a. <sup>5</sup> Ke nan tout bagay nou te anrichi nan Li, nan tout pawòl ak tout konesans, <sup>6</sup> menm pandan temwayaj konsènan Kris la te ✧konfime nan nou, <sup>7</sup> jis pou nou pa manke nan okenn don, e ✧tann avèk enpasyans revelasyon a Senyè nou an, Jésus Kri, <sup>8</sup> ✧ki va osi konfime nou jiska lafen, san defo nan jou Senyè nou an, Jésus Kri. <sup>9</sup> ✧Bondye fidèl, selon Sila nou te rele nan amitye fratènèl avèk Fis Li a, Jésus Kri, Senyè nou an.

<sup>10</sup> Koulye a, mwen egzòte nou, frè yo, pa non a Senyè nou an, Jésus Kri, pou nou tout vin antann nou, pou pa gen ✧divizyon pami nou, men pou nou vin konplè nan ✧menm panse ak nan menm jijman. <sup>11</sup> Paske mwen enfòmè o sijè de nou menm, frè m yo, pa moun Chloé yo, ke gen konfli

---

✧ **1:2** Wo 1:7 ✧ **1:3** Wo 1:7 ✧ **1:4** Wo 1:8 ✧ **1:6** Wo 15:14  
 ✧ **1:7** Luc 17:30 ✧ **1:8** Wo 8:19 ✧ **1:9** Det 7:9 ✧ **1:10** I  
 Kor 11:18 ✧ **1:10** Wo 12:16

pami nou. <sup>12</sup> Alò, men kisa m ap di. ✧Nou chak ap di: “Mwen se moun Paul”, “Mwen se moun ✧Apollos”, “Mwen se moun Céphas”, e “Mwen se moun Kris la”. <sup>13</sup> Èske Kris la vin divize? Èske Paul te krisifye pou nou? Oswa èske nou te vin ✧batize nan non Paul? <sup>14</sup> Mwen remèsye Bondye ke m pa t ✧batize okenn nan nou sof ke Crispus ak Gaius, <sup>15</sup> pou okenn moun pa ka di ke nou te batize nan non mwen. <sup>16</sup> Alò, mwen te batize tout ✧fanmi Stéphanas la; anplis de sa, mwen pa konnen si m te batize okenn lòt moun. <sup>17</sup> ✧Paske Kris pa t voye m pou batize, men pou preche bòn nouvèl la ✧pa avèk bèl pawòl moun save yo, pou ke kwa Kris la pa ta vin anile. <sup>18</sup> Paske pawòl lakwa a se foli pou ✧sila k ap peri yo, men pou nou menm k ap sove yo, se pwisans a Bondye. <sup>19</sup> Paske sa ekri:

✧“Mwen va detwi sajès a saj yo,  
e entèlijans moun save yo,  
mwen va mete sou kote.”

<sup>20</sup> Kote nonm saj la? Kote skrib la? Kote moun deba a ✧laj sila a? Èske Bondye pa fè sajès a mond lan vin foli? <sup>21</sup> Paske akòz nan sajès Bondye, lemond ak ✧sajès pa li pa t vin konnen Bondye. Konsa, Bondye te byen kontan selon foli a mesaj ki te preche a, pou sove sila ki kwè yo. <sup>22</sup> Paske anverite ✧Jwif yo mande pou sign, e Grèk yo chache sajès; <sup>23</sup> men nou preche ✧Kris krisifye

---

✧ **1:12** I Kor 3:4 ✧ **1:12** Trav 18:24 ✧ **1:13** Mat 28:19 ✧ **1:14** Trav 18:18 ✧ **1:16** I Kor 16:15,17 ✧ **1:17** Jn 4:2 ✧ **1:17** I Kor 2:1,4,13 ✧ **1:18** II Kor 2:15 ✧ **1:19** És 29:14 ✧ **1:20** Job 12:17 ✧ **1:21** I Kor 1:27 ✧ **1:22** Mat 12:18 ✧ **1:23** I Kor 2:2

a, pou ☆Jwif yo, yon wòch k ap fè moun bite, e pou pèp etranje yo, yon foli. <sup>24</sup> Men pou sila ki aple yo, ni Jwif, ni Grèk, Kris la se ☆pwisans a Bondye, ak ☆sajès Bondye. <sup>25</sup> Paske foli Bondye a pi saj ke lòm, e ☆feblès Bondye a pi fò ke lòm.

<sup>26</sup> Paske konsidere apèl nou an, frè yo, ke ☆pa t gen anpil moun ki te saj selon lachè, ni anpil moun ki te fò, ni anpil moun nòb. <sup>27</sup> Men Bondye te chwazi ☆foli a mond lan pou fè saj yo wont, e Bondye te chwazi bagay fèb a mond lan pou fè bagay ki pwisan yo vin piti. <sup>28</sup> Konsa, Bondye chwazi bagay ki ba e meprize nan mond lan, ☆bagay ki pa anyen, pou li kapab anile bagay ki egziste deja yo, <sup>29</sup> pou fè ☆pèsòn pa kapab vante tèt yo devan Bondye. <sup>30</sup> Men selon sa ke Li menm te fè a, nou nan Jésus Kri. Se Li ki te devni pou nou ☆sajès ki soti nan Bondye, ansanm ak ☆jistis, sanktifikasyon, ak redanmsyon. <sup>31</sup> Konsa, jan sa ekri a: “Kite sila ki vante tèt li a, vante tèt li nan SENYÈ a.”

## 2

<sup>1</sup> Lè m te vin kote nou, frè m yo, mwen ☆pa t vini avèk yon wotè langaj oubyen sajès pou pwokame a nou temwayaj Bondye a. <sup>2</sup> Paske mwen te detèmine pou m pa konnen anyen pami nou, sof ☆Jésus Kri, e Sila krisifye a. <sup>3</sup> Mwen te

---

☆ **1:23** I Pi 2:8 ☆ **1:24** I Kor 1:18 ☆ **1:24** I Kor 1:30 ☆ **1:25** II Kor 13:4 ☆ **1:26** Mat 11:25 ☆ **1:27** I Kor 1:20 ☆ **1:28** Wo 4:7 ☆ **1:29** Ef 2:9 ☆ **1:30** I Kor 1:24 ☆ **1:30** Jr 23:5 ☆ **2:1** I Kor 1:17 ☆ **2:2** I Kor 1:23

avèk nou nan ✧feblès, laperèz, ak anpil tranbleman. <sup>4</sup> Epi mesaj mwen avèk predikasyon mwen ✧pa t fèt avèk pawòl sajès pou fè moun kwè, men nan demonstrasyon Lespri a ak pouvwa a, <sup>5</sup> pou lafwa nou pa t repoze sou sajès a lòm, men sou pouvwa Bondye a. ✧

<sup>6</sup> Malgre sa, nou konn pale sajès pami sila ki gen tan ✧fin grandi. Se yon sajès ki pa sòti ni nan tan sila a, ni nan chèf a tan sila yo, k ap pase. <sup>7</sup> Men nou pale sajès Bondye nan yon mistè, sajès kache ke Bondye te ✧planifye menm avan tan yo pou laglwa nou; <sup>8</sup> sajès ✧ke okenn nan chèf a ✧tan sila yo pa konprann. Paske si yo te konprann li, yo pa t ap krisifye Senyè laglwa a. <sup>9</sup> Men jan sa ekri a:

✧“Bagay ke zye pa wè e zòrèy pa tande, ki pa janm antre nan kè a lòm; tout sa Bondye prepare pou sila ki renmen Li yo.”

<sup>10</sup> Paske a nou menm Bondye te revele yo ✧pa Lespri a. Paske Lespri a toujou sonde tout bagay, menm jis nan ✧pwofondè Bondye a. <sup>11</sup> Paske kilès pami lòm ki konnen panse a lòm eksepte ✧lespri a lòm ki anndan li menm nan? Menm jan an, panse a Bondye yo; pèsòn pa konnen yo eksepte Lespri Bondye a. <sup>12</sup> Alò, nou ✧pa resevwa, lespri mond lan, men Lespri ki sòti nan Bondye a, pou nou kapab konnen bagay ke Bondye bannou gratis yo. <sup>13</sup> Sou bagay sa yo nou

---

✧ **2:3** I Kor 4:10 ✧ **2:4** I Kor 1:17 ✧ **2:5** II Kor 4:7 ✧ **2:6** Ef 4:13 ✧ **2:7** Wo 8:29 ✧ **2:8** I Kor 2:6 ✧ **2:8** I Kor 1:20 ✧ **2:9** És 64:4 ✧ **2:10** Jn 14:26 ✧ **2:10** Wo 11:33 ✧ **2:11** Pwov 20:27 ✧ **2:12** Wo 8:15

pa pale ✧ ak pawòl sajès de moun ki soti nan lòm, men pito ak pawòl Lespri Sen an, ki konpare bagay lespri yo ak bagay lespri yo. <sup>14</sup> Men yon nonm nan eta natirèl li, ✧pa aksepte bagay a Lespri Bondye yo, paske ✧se foli yo ye pou li. Li pa kapab konprann yo, paske yo ka jije sèlman pa yon lespri k ap viv nan Bondye. <sup>15</sup> Men sila ki ✧reflechi ak yon lespri ki soti nan Bondye a, jije tout bagay, men li menm p ap jije pa okenn moun. <sup>16</sup> “Paske ✧kilès ki te konnen refleksyon Senyè a, pou li ta enstwi Li?” Men se panse a Kris nou genyen.

### 3

<sup>1</sup> Epi mwen, frè m yo, mwen pa t kab pale avèk nou menm tankou moun ki ✧plen lespri Bondye, men tankou moun lachè yo, tankou ti zanfan piti nan Kris yo. <sup>2</sup> Mwen te bannou ✧lèt pou nou bwè olye gwo manje; paske nou potko kab resevwa l. Anverite, menm koulye a, nou poko kapab, <sup>3</sup> pwiske nou toujou nan lachè. Paske akoz ✧gen jalouzi ak konfli pami nou, èske nou pa nan lachè, epi èske nou p ap mache tankou lòm natirèl? <sup>4</sup> Paske lè ✧youn di: “Mwen se moun Paul”, epi yon lòt: “Mwen se moun Appollos”, èske nou p ap aji kòm si se lòm natirèl ke nou ye?

<sup>5</sup> Alò, ki moun Apollos ye? E ki moun Paul ye? Se sèvitè pa sila nou te vin kwè yo, menm ✧jan

---

✧ **2:13** I Kor 1:17 ✧ **2:14** Jn 14:17 ✧ **2:14** I Kor 1:18 ✧ **2:15** I Kor 3:1 ✧ **2:16** És 40:3 ✧ **3:1** I Kor 2:6 ✧ **3:2** Eb 5:12 ✧ **3:3** Wo 13:13 ✧ **3:4** I Kor 1:12 ✧ **3:5** Wo 12:6

Senyè a te bay opòtinite a yo chak. <sup>6</sup> Mwen te plante, Appollos te awoze, men Bondye te fè l grandi. <sup>7</sup> Alò, se pa ni sila ki plante a ni sila ki awoze a ki anyen, men ✧Bondye ki fè l grandi a. <sup>8</sup> Alò, sila ki plante a ak sila ki awoze a se youn; men chak moun va ✧resevwa pwòp rekonpans li selon pwòp travay li. <sup>9</sup> Paske nou se ✧ouvriye parèy avèk Bondye. Nou menm se chan Bondye a, kay la ke L ap bati a.

<sup>10</sup> Selon ✧gras Bondye ki te ban mwen an, kon yon mèt k ap bati byen saj, mwen te poze yon fondasyon. Men konsa, se yon lòt k ap bati sou li. Konsa, fòk chak moun pridan sou jan li bati sou li a. <sup>11</sup> Paske pèsòn pa kapab poze okenn lòt ✧fondasyon sof ke sila ki poze deja a, ki se Jésus Kri. <sup>12</sup> Alò, si nenpòt moun bati sou fondasyon an avèk lò, ajan, bijou presye, bwa, zèb sèch, oswa pay, <sup>13</sup> ✧zèv a chak moun va vin byen parèt. Paske lajounen va fè l vin parèt klè, akoz sa gen pou revele avèk dife. Epi dife a, li menm, va fè prèvalè zèv chak moun. <sup>14</sup> Si zèv a yon moun ki bati sou li a rete toujou, li va ✧resevwa yon rekonpans. <sup>15</sup> Si zèv a yon moun vin brile, li va soufri pèt, men li menm, li va sove ✧kòm si, se pa dife.

<sup>16</sup> Èske nou pa konnen ke ✧nou se tanp Bondye a, e ke Lespri Bondye a rete nan nou? <sup>17</sup> Si yon moun detwi tanp Bondye a, Bondye va detwi li, paske tanp Bondye a sen, e se sa nou ye.

---

✧ 3:7 I Kwo 15:10 ✧ 3:8 I Kor 3:14 ✧ 3:9 Mc 16:20 ✧ 3:10 Wo 12:3 ✧ 3:11 És 28:16 ✧ 3:13 I Kwo 4:5 ✧ 3:14 I Kor 3:8 ✧ 3:15 Job 23:10 ✧ 3:16 Wo 8:9

18 Pa kite pèsòn twonpe tèt li ✧si yon moun pami nou panse ke li saj nan tan sila a, li oblije vin fou pou li kapab vin saj.

19 Paske sajès mond sa a se foli devan Bondye. Paske sa ekri: ✧“Se Li menm ki kenbe saj yo nan pwòp koken pa yo.” 20 Epi ankò: ✧“Senyè a konnen panse a saj yo, ke yo inital.” 21 Donk, pa kite pèsòn vante tèt li pou moun. Paske ✧tout bagay se pou nou menm, 22 ✧sof ke se Paul, oswa Appollos, oswa Céphas, o lemonn, o ✧lavi, o lanmò, bagay prezan yo, oswa bagay ki gen pou vini yo; tout apatyen de nou menm. 23 Epi ✧nou apatyen a Kris; e ✧Kris apatyen a Bondye.

## 4

1 Kite yon moun gade nou konsa, kòm sèvitè a Kris e ✧jeran a mistè ki pou Kris yo.

2 Nan ka sila a, anplis, li nesèsè pou twouve jeran yo fidèl. 3 Men pou mwen se yon ti bagay tou piti pou mwen ta kab jije pa nou menm, oswa nenpòt lòt tribinal moun. Anverite, mwen pa menm jije pwòp tèt mwen. 4 Mwen pa konsyan de anyen kont tèt mwen. Men se pa sa ki fè m inosan, men ke sila ki jije mwen an se Senyè a. 5 Pou sa ✧pa kontinye jije avan lè, men tann ✧jiskaske Senyè a vini pou Li kapab nan menm tan eklere nan limyè bagay ki kache nan tenèb yo, e devwale tout motif ki nan kè lèzòm. Konsa, lwanj chak moun resevwa va sòti nan Bondye.

---

✧ 3:18 I Kor 8:2 ✧ 3:19 Job 5:13 ✧ 3:20 Sòm 94:11 ✧ 3:21 Wo 8:32 ✧ 3:22 I Kor 1:12 ✧ 3:22 Wo 8:38 ✧ 3:23 II Kwo 10:7 ✧ 3:23 I Kwo 11:3 ✧ 4:1 Tit 1:7 ✧ 4:5 Wo 2:1 ✧ 4:5 Wo 2:16

<sup>6</sup> Alò, frè m yo, mwen te sèvi tout sa konsènan mwen menm ak Apollos kòm yon egzanp pou koz a nou menm. Selon sa mwen te di, mwen vle ou konprann ke nou pa pou ale pi lwen de sa ki nan ekriti sen yo, pou okenn nan nou pa ✧vin ògeye anvè youn e kont yon lòt. <sup>7</sup> Paske kilès ki kwè ke ou pi bon? ✧Kisa nou genyen ke nou pa t resevwa? E si Nou te resevwa li, poukisa nou vante tèt nou kòm si nou pa t resevwa l.

<sup>8</sup> Nou ✧deja ranpli! Nou deja vin rich! Nou deja vin wa san èd nou menm! E anverite, mwen ta kontan si nou te deja wa pou nou menm ta kapab renye ansanm avèk nou. <sup>9</sup> Paske mwen panse ke Bondye te fè nou menm kòm apot pi ba ke tout; tankou moun ki ✧kondane a lanmò, paske nou te ✧gen tan vin yon spektak pou mond lan, ni pou zanj yo, ni pou moun. <sup>10</sup> Nou se moun fou pou kòz a Kris la, men ✧ou menm, ou saj nan Kris; nou fèb, men ou menm, ou fò; ou menm, ou byen distenge, men nou menm, nou san onè. <sup>11</sup> Jiska moman sa a ✧nou grangou ak swaf, mal abiye, maltrete, e san kote pou nou rete. <sup>12</sup> Konsa, nou redi di nan ✧travay avèk pwòp men nou. ✧Lè yo joure nou, nou beni yo. Lè nou pèsekite, nou sipòte sa. <sup>13</sup> Lè yo pale nou mal, nou eseye antann nou. Nou devni ✧tankou fatra a mond lan, retay nan tout bagay, menm jiska koulye a.

<sup>14</sup> Mwen pa ekri bagay sa yo pou ✧fè nou wont, men pou avèti nou kòm pitit byeneme mwen.

---

✧ **4:6** I Kor 1:12 ✧ **4:7** Jn 3:27 ✧ **4:8** Rev 3:17 ✧ **4:9** Wo 8:36 ✧ **4:9** Eb 10:33 ✧ **4:10** I Kor 3:18 ✧ **4:11** Wo 8:35 ✧ **4:12** Trav 18:3 ✧ **4:12** I Pi 3:13 ✧ **4:13** Lam 3:34 ✧ **4:14** I Kor 6:5



15 Paske si nou te gen anpil kantite pwofesè an Kris ki pa menm kab konte, menm konsa nou pa t ap gen anpil papa. Paske nan Jésus Kris, mwen ✧te devni papa nou akòz bòn nouèl la. 16 Konsa, mwen egzòte nou, pou nou vin ✧imitatè a mwen menm. 17 Se pou rezon sa a, mwen ✧voye bannou Timothée, ki se pitit byeneme e fidèl mwen nan Senyè a. Li va fè nou sonje chemen mwen an ki baze nan Kris, menm jan ke mwen enstwi toupatou nan tout legliz yo. 18 Alò, kèk nan nou vin ✧awogan, kòm si mwen pa t ap vin kote nou. 19 Men mwen ✧va vini kote nou byento ✧si Bondye vle e mwen va vin fè egzamen, pa nan pawòl a sila ki awogan yo, men nan pèz pwisans yo. 20 Paske wayòm Bondye a ✧pa fèt avèk pawòl, men avèk pwisans. 21 Kisa nou dezire? ✧Èske mwen dwe vin kote nou avèk yon baton, oswa avèk lanmou avèk lespri jantiyès?

## 5

1 Anverite gen rapò ke gen imoralite pami nou, yon kalite imoralite ki pa menm egziste pami pèp etranje yo; ke yon moun gen ✧madanm a papa li. 2 Nou vin awogan, olye nou kriye anpil pou sila ki te fè zak sila a ✧pou l ta kapab vin retire nan mitan nou. 3 Paske mwen menm, bò kote pa m, malgre mwen ✧absan nan kò men mwen prezan nan lespri. Mwen deja jije mesye ki fè zak sila a,

---

✧ 4:15 Nonb 11:12 ✧ 4:16 I Kor 11:1 ✧ 4:17 I Kor 16:10  
 ✧ 4:18 I Kor 4:6 ✧ 4:19 Trav 20:2 ✧ 4:19 Trav 18:21 ✧ 4:20  
 I Kor 2:4 ✧ 4:21 II Kor 1:23 ✧ 5:1 Lev 18:8 ✧ 5:2 I Kor  
 5:13 ✧ 5:3 Kol 2:5

tankou mwen te prezan. <sup>4</sup> Nan non Senyè nou an Jésus Kri, lè nou vin rasanble, e mwen menm avèk nou nan lespri ✧avèk pouvwa Senyè nou an Jésus,

<sup>5</sup> nou gen pou ✧livre yon nonm konsa bay Satan pou detwi chè l, pou lespri li kapab sove ✧nan jou Senyè a Jésus.

<sup>6</sup> ✧Vante tèt nou an pa bon. Èske nou pa konnen ke ✧yon ti kras ledven fè tout boul pen an leve?

<sup>7</sup> Retire vye ledven an pou nou kapab vin yon boul pat tounèf; kòm si ke nou an reyalite deja san ledven. Paske Kris, ✧Pak pa nou an, osi te sèvi kon sakrifis nou.

<sup>8</sup> Konsa, annou selebre fèt la ✧pa avèk vye ledven an, ni avèk move ledven an ak mechanste, men avèk pen san ledven nan plen senserite ak verite a.

<sup>9</sup> Mwen te ekri nou nan lèt mwen an pou nou ✧pa asosye nou avèk moun imoral yo;

<sup>10</sup> Mwen pa t vle di tout moun imoral ki nan mond sa a, ni avèk moun lemonn ki gen lanvi, ki nan fwod, oubyen moun ✧idolat yo; paske konsa nou ta dwe kite mond lan nèt.

<sup>11</sup> Men an reyalite, mwen te ekri nou pou nou pa asosye nou avèk nenpòt moun ke nou konn rele ✧“frè” si li se yon moun imoral, oubyen ranpli ak lanvi, oubyen yon moun idolat, yon medizan, yon tafyatè, oubyen yon moun ki nan fwod—

---

✧ 5:4 Jn 20:23 ✧ 5:5 Luc 22:31 ✧ 5:5 I Kor 1:8 ✧ 5:6 Jc 4:16 ✧ 5:6 Mat 16:6,12 ✧ 5:7 Mc 14:12 ✧ 5:8 Egz 12:19 ✧ 5:9 II Kor 6:14 ✧ 5:10 I Kor 10:27 ✧ 5:11 Trav 1:15

—pou nou pa ta menm manje avèk yon moun konsa.

<sup>12</sup> Paske kisa mwen gen pou fè nan jije moun deyò yo? ✧Èske se pa sila anndan legliz yo pou nou jije?

<sup>13</sup> Men sila ki deyò yo, se Bondye ki pou jije yo. ✧Retire sila ki malveyan an pami nou menm.

## 6

<sup>1</sup> Èske gen nan nou ke lè l gen yon ka kont vwazen li, li tante ale devan lalwa, devan moun enjis yo ✧olye devan sen yo? <sup>2</sup> Oubyen èske nou pa konnen ke ✧se sen yo ki va jije mond lan? Si lemonn jije pa nou menm, èske nou pa konpetan pou regle ti bagay piti konsa yo? <sup>3</sup> ✧Èske nou pa konnen ke nou va jije zanj yo? Konbyen anplis pou afè lavi sa a? <sup>4</sup> Donk, si konsa, nou sèvi ak tribinal pou regle pwoblèm nan lavi sa, èske nou chwazi kon jij sila ki pa kab reprezante anyen nan legliz yo? <sup>5</sup> ✧Mwen di nou sa pou wont nou. Si se konsa, ke pa gen yon moun saj pami nou ki kapab decide antre frè li yo? <sup>6</sup> Men frè ale devan lalwa avèk frè, e tout sa devan ✧enkwayan yo. <sup>7</sup> Alò konsa, sa se deja yon defèt pou nou, pou n ap fè pwosè avèk youn lòt. ✧Poukisa nou pa pito soufri lenjistis? Poukisa nou pa pito aksepte sibi fwod? <sup>8</sup> Okontrè, nou menm, nou fè lenjistis ak fwod la. Nou fè sa menm kont ✧frè nou yo.

---

✧ **5:12** I Kwo 5:3-5 ✧ **5:13** Det 13:5 ✧ **6:1** Mat 18:17 ✧ **6:2** Dan 7:18,22,27 ✧ **6:3** Wo 6:16 ✧ **6:5** I Kor 4:14 ✧ **6:6** II Kor 6:14 ✧ **6:7** Mat 5:39 ✧ **6:8** I Tes 4:6

<sup>9</sup> Oubyen èske nou pa konnen ke moun enjis yo p ap ✨eritye wayòm syèl la? Pa twonpe tèt nou; ni moun imoral yo, ni moun idolat yo, ni efemine yo, ni omoseksyèl yo <sup>10</sup> ni vòlè yo, ni moun ki gen lanvi yo, ni tafyatè yo, ni medizan yo, ni sila ki nan fwod yo, p ap ✨eritye wayòm Bondye a. <sup>11</sup> Se konsa kèk nan nou te ye, men nou te vin lave, nou te vin sanktifye, nou te ✨jistifye nan non Senyè a, Jésus Kri ak nan Lespri a Bondye nou an.

<sup>12</sup> ✨Tout bagay pèmèt pou mwen, men se pa tout bagay ki itil. Tout bagay pèmèt, men mwen p ap kite m domine pa anyen. <sup>13</sup> Manje se pou vant e vant se pou manje; men Bondye va mete yon fen a toulède. Men kò a se pa pou imoralite, men ✨pou Senyè a; e Senyè a se pou kò a. <sup>14</sup> Alò, Bondye non sèlman leve Senyè a, men ✨va osi leve nou selon pouvwa Li. <sup>15</sup> Èske nou pa konnen ke ✨kò nou se manb a Kris yo ye? Èske mwen dwe pran manb kò Kris yo e fè yo vin manb a yon pwostitiye? Ke sa pa janm fèt! <sup>16</sup> Oubyen èske nou pa konnen ke yon moun ki jwenn tèt li avèk yon pwostitiye vin yon sèl kò avèk li? Paske Li di: ✨“Yo de a va devni yon sèl chè”. <sup>17</sup> Men sila a ki vin jwenn tèt li avèk Senyè a vin ✨youn nan lespri avèk Li. <sup>18</sup> ✨Kouri kite imoralite. Tout lòt peche ke yon moun fè se deyò kò a, men moun imoral la peche kont pwòp kò l. <sup>19</sup> Oubyen èske nou pa konnen ke ✨kò nou se yon tanp pou Lespri

---

✨ **6:9** Trav 20:32 ✨ **6:10** Trav 20:32 ✨ **6:11** Wo 8:30 ✨ **6:12** I Kor 10:23 ✨ **6:13** I Kor 6:15,19 ✨ **6:14** Jn 6:39 ✨ **6:15** Wo 12:5 ✨ **6:16** Jen 2:24 ✨ **6:17** Jn 17:21-23 ✨ **6:18** I Kor 6:9 ✨ **6:19** Jn 2:21

Sen an, ki soti nan Bondye, ki rete nan nou, e ke nou pa mèt pwòp tèt nou? <sup>20</sup> Paske nou te achte a yon pri; Konsa, bay glwa a Bondye avèk kò nou.

## 7

<sup>1</sup> Alò, konsènan bagay ke nou te ekri yo, ✧li bon pou yon nonm pa touche yon fanm. <sup>2</sup> Men akòz imoralite ka fèt, chak nonm dwe gen pwòp madanm li e chak fanm dwe gen pwòp mari li. <sup>3</sup> Mari a dwe akonpli devwa li anvè madanm li, e menm jan an tou, madanm lan anvè mari li. <sup>4</sup> Madanm nan pa gen otorite sou pwòp kò li, men se pou mari a, e menm jan an mari a pa gen otorite sou pwòp kò li, men se pou madanm nan. <sup>5</sup> Sispann refize youn lòt, eksepte pa akò pou yon ti tan, pou nou kapab konsakre nou nan lapriyè, e retounen ansanm ankò pou ✧Satan pa tante nou akòz mank kontwòl tèt nou.

<sup>6</sup> Men sa mwen vin di kòm yon konsesyon ak nou, men ✧pa kòm yon lòd. <sup>7</sup> Sepandan, mwen ta pito ke tout moun te menm rete tankou mwen menm. ✧Men chak moun gen pwòp don li ki sòti nan Bondye; pou youn se yon jan, e pou youn lòt, se yon lòt jan. <sup>8</sup> Alò mwen di a sila ki poko marye yo, e ak vè yo, ke ✧li ta bon pou yo si yo rete menm jan ak mwen menm. <sup>9</sup> Men si yo pa gen kontwòl pwòp tèt yo ✧kite yo marye; paske li pi bon pou marye pase pou brile avèk pasyon. <sup>10</sup> Men a sila ki marye yo, mwen bay lòd sa yo. Se ✧pa mwen, men se Senyè a ki bay li, ke madanm

---

✧ **7:1** I Kor 7:8,26 ✧ **7:5** Mat 4:10 ✧ **7:6** II Kwo 8:8 ✧ **7:7** I Kor 7:8 ✧ **7:8** I Kor 7:1,26 ✧ **7:9** I Tim 5:14 ✧ **7:10** Mal 2:16

nan pa dwe kite mari li <sup>11</sup> Men si li kite li, li dwe rete san marye, oswa rekonsilye avèk mari li. Ni mari a pa dwe divòse avèk madanm li.

<sup>12</sup> Men a lòt yo ✧se mwen menm ki di l, se pa Senyè a, ke si yon frè gen yon madanm ki se yon enkwayan, e li dakò viv avèk li, fòk li pa divòse avèk li. <sup>13</sup> Epi yon fanm ki gen yon mari ki pa kwayan, e li dakò viv avèk li, li pa dwe voye mari li ale. <sup>14</sup> Paske mari enkwayan an vin sanktifye akòz madanm li, e madanm enkwayan an vin sanktifye akòz mari li ki kwayan an, paske otreman pitit nou yo te enpi, men koulye a, yo ✧sen. <sup>15</sup> Men si sila ki enkwayan an ale, kite l ale. Frè a oswa sè a pa mare nan ka sila yo, men Bondye rele nou nan ✧lapè.

<sup>16</sup> Paske kòman ou kab konnen o madanm, si ou va ✧sove mari ou? E kòman ou kab konnen, o mari, si ou va sove madanm ou.

<sup>17</sup> Sèlman ✧jan Senyè a bay a chak moun nan, jan Bondye rele chak moun nan konsa, kite l mache. Epi ✧se konsa ke m bay lòd nan tout legliz yo.

<sup>18</sup> Èske yon moun ki te rele pa Bondye te deja sikonsi? Li pa dwe vin ensikonsi. Èske yon moun lè l rele pa Bondye tou ensikonsi? ✧Li pa dwe vin sikonsi. <sup>19</sup> ✧Sikonsizyon pa anyen, e ensikonsizyon pa anyen, men sa ki enpòtan an se kenbe kòmandman Bondye a. <sup>20</sup> ✧Chak moun dwe rete nan menm kondisyon ke li te resevwa

---

✧ **7:12** I Kor 7:6 ✧ **7:14** Esd 9:2 ✧ **7:15** Wo 14:19 ✧ **7:16** Wo 11:14 ✧ **7:17** Wo 12:3 ✧ **7:17** I Kor 4:17 ✧ **7:18** Trav 15:1 ✧ **7:19** Wo 2:27,29 ✧ **7:20** I Kor 7:24

apèl la. <sup>21</sup> Èske nou te resevwa apèl la pandan nou te esklav? Pa enkyete nou pou sa, men si nou kapab osi vin lib, pito nou fè l. <sup>22</sup> Paske sila ki te rele pa Senyè a pandan li te esklav la, se ☆moun lib a Senyè a; menm jan an sila ki te rele pandan li te lib la, se ☆esklav a Kris la.

<sup>23</sup> ☆Nou te achte a yon pri; pa devni esklav a lèzòm. <sup>24</sup> Frè m yo ☆chak moun dwe rete avèk Bondye nan menm eta ke li te resevwa apèl la.

<sup>25</sup> Alò konsènan vyèj yo, mwen pa gen okenn lòd Senyè a, men mwen bay yon refleksyon kòm yon moun ki ☆pa mizerikòd Senyè a dign de konfyans. <sup>26</sup> Mwen kwè ke li bon nan sikonstans boulvès nan tan kounye a ☆pou yon nonm ta rete jan li ye a. <sup>27</sup> Èske ou mare ak yon madanm? Pa chache vin lib. Èske ou lib de yon madanm? Pa chache yon madanm. <sup>28</sup> Men si nou marye, nou pa peche. E si yon vyèj marye, li pa peche. Men deja moun sa yo va gen pwoblèm nan vi sa a, e m ap eseye epagne nou. <sup>29</sup> Men mwen di sa, frè m yo, ☆tan an ap vin kout. Depi koulye a, sila ki gen madanm yo ta dwe tankou yo pa t genyen; <sup>30</sup> epi sila ki kriye yo, tankou yo pa t kriye; sila ki rejwi yo, tankou yo pa t rejwi, e sila ki achte yo, tankou yo pa t posede anyen; <sup>31</sup> epi sila ki itilize mond lan, tankou yo pa t ☆itilize li anpil. Paske ☆fòm mond sa a ap disparèt.

<sup>32</sup> Men mwen vle nou libere de sousi sa a. Yon nonm ki ☆pa marye sousye sèlman de zafè a

---

☆ 7:22 Phm 16 ☆ 7:22 I Pi 2:16 ☆ 7:23 I Kor 6:20 ☆ 7:24 I Kor 7:20 ☆ 7:25 II Kor 4:1 ☆ 7:26 I Kor 7:1,8 ☆ 7:29 Wo 13:11 ☆ 7:31 I Kor 9:18 ☆ 7:31 I Jn 2:17 ☆ 7:32 I Tim 5:5

Senyè a, de jan li kapab fè l kontan, <sup>33</sup> men yon nonm ki marye sousye de zafè a mond lan, de jan li kapab fè madanm li plezi. <sup>34</sup> Konsa, enterè li divize. Fanm ki pa marye a ak vyèj la, sousye de zafè a Senyè a, pou li kapab sen ni nan kò, ni nan lespri; men sila ki marye a sousye de zafè a mond lan, de jan li kapab fè mari li plezi. <sup>35</sup> Mwen di sa pou pwòp benefis pa nou; se pa pou jennen nou, men pou ankouraje sa ki bon, e pou vin gen yon angajman san distraksyon anvè Senyè a.

<sup>36</sup> Men si yon moun panse ke l ap aji yon jan ki pa dign anvè pitit fi vyèj li, si li vin gen laj ase, e si sa dwe fèt, kite li fè sa li pito. Li pa peche. Kite li marye. <sup>37</sup> Men sila a ki kanpe fèm nan kè li, san ke li pa anba kontrent, men gen otorite sou pwòp volonte l, e ki decide sa nan pwòp kè l, pou konsève pwòp pitit fi vyèj pa li a, li va fè byen. <sup>38</sup> Konsa, sila ki bay pwòp pitit fi li a nan maryaj ap fè byen, e sila ki pa bay li nan maryaj la ap fè mye.

<sup>39</sup> ✧Yon madanm mare selon lalwa a, ak mari li toutotan ke li vivan. Men si mari li mouri, li lib pou marye avèk sila ke li pito, men sèlman nan Senyè a. <sup>40</sup> Men ✧nan refleksyon pa m, l ap pi kontan si li rete jan li ye a. E mwen panse osi ke m gen Lespri Bondye a avè m.

## 8

<sup>1</sup> Alò, konsènan ✧bagay ki te bay kon sakrifis a zidòl yo, nou konnen ke nou tout gen konesans. Konesans fè moun awogan, men lanmou ✧bay

✧ 7:39 Wo 7:2 ✧ 7:40 I Kor 7:6,25 ✧ 8:1 Trav 15:20 ✧ 8:1 Wo 14:19



bon konprann. <sup>2</sup> ✧Si yon moun sipoze ke li konnen yon bagay, li poko ✧konnen jan li dwe konnen an. <sup>3</sup> Men si yon moun renmen Bondye, ✧Bondye konnen li.

<sup>4</sup> Konsa, konsènan manje bagay ki te ofri kon sakrifis a zidòl yo, nou konnen ke pa gen anyen vrèman kon zidòl nan mond lan, e ke ✧pa gen okenn Dye sof ke yon sèl, Bondye. <sup>5</sup> Paske, menmsi ✧genyen sa ke yo rele dye yo, swa nan syèl la oubyen sou tè a, kòm anverite gen anpil dye ak anpil senyè, <sup>6</sup> malgre sa, nou pa gen sof ke yon Bondye ✧Papa a. ✧De Li menm tout bagay sòti, e nou pou Li, e yon Senyè, Jésus Kris. Pa Li menm tout bagay ye, e nou egziste pa Li.

<sup>7</sup> Sepandan, se pa tout moun ki gen konesans sa a. Men ✧kèk moun, ki abitye avèk zidòl jiska prezan, manje manje kòm si li te sakrifye a yon zidòl, e konsyans fèb pa yo a vin souye. <sup>8</sup> Men se pa ✧manje k ap rekòmande nou a Bondye. Nou p ap ni pi mal si nou pa manje, ni pi bon si nou manje. <sup>9</sup> Men ✧fè atansyon ke libète sa a pa vini, nan yon jan o yon lòt, yon wòch pou fè sila ki fèb yo chite. <sup>10</sup> Paske si yon moun wè ou menm, ki gen konesans, k ap manje nan yon tanp zidòl, si konsyans li fèb, l ap ankouraje manje ✧bagay ki sakrifye a zidòl yo? <sup>11</sup> Alò, akòz konesans pa ou, sila ki fèb ✧vin pèdi, frè pou sila Kris la te mouri an. <sup>12</sup> ✧Konsa, nan peche kont frè nou yo k ap

---

✧ **8:2** I Kor 3:18 ✧ **8:2** I Kor 13:8 ✧ **8:3** Sòm 1:6 ✧ **8:4** Det 4:35,39 ✧ **8:5** II Tes 2:4 ✧ **8:6** Mal 2:10 ✧ **8:6** Wo 11:36 ✧ **8:7** Wo 14:4,22 ✧ **8:8** Wo 14:17 ✧ **8:9** Wo 14:13,21 ✧ **8:10** Trav 15:20 ✧ **8:11** Wo 14:15,20 ✧ **8:12** Mat 18:6

blese konsyans a sila ki fèb yo, nou peche kont Kris la. <sup>13</sup> Pou sa a, ✨si manje koze frè mwen an chite, mwen p ap janm manje vyann ankò, pou mwen pa koze frè mwen an chite.

## 9

<sup>1</sup> Èske mwen pa ✨lib? Èske mwen pa yon apòt? Èske mwen pa wè Jésus, Senyè nou an? Èske nou se pa zèv mwen nan Senyè a?

<sup>2</sup> Si pou lòt yo mwen pa yon apòt, omwen mwen se yon apòt pou nou. Paske nou se ✨so a ki fè m apòt nan Senyè a.

<sup>3</sup> Defans mwen a sila ki jije m yo se sa:

<sup>4</sup> ✨Èske nou pa gen dwa pou nou manje ak bwè?

<sup>5</sup> ✨Èske nou pa gen dwa pou pran avèk nou yon madanm fidèl nan lafwa, menm jan ak rès apòt yo, frè a Senyè yo ak Céphas?

<sup>6</sup> Oubyen èske se ✨sèlman Barnabas ak mwen menm ki pa gen dwa sispann travay?

<sup>7</sup> Kilès ki nan nenpòt tan ki sèvi ✨kòm yon sòlda ak pwòp depans pa l? Kilès ki ✨plante yon chan rezen e ki pa manje fwi li? Oubyen kilès ki bèje yon bann mouton e ki pa itilize lèt bann mouton an?

<sup>8</sup> Èske mwen pale bagay sa yo ✨jan moun refleshi? Oubyen èske lalwa pa di menm bagay sa yo tou.

<sup>9</sup> Paske sa ekri nan Lalwa Moïse la: ✨“Nou pa pou mare bouch a bèf la pandan l ap bat rekòlt

---

✨ 8:13 Wo 14:21 ✨ 9:1 I Kor 9:19 ✨ 9:2 Jn 3:33 ✨ 9:4 I Kor 9:14 ✨ 9:5 I Kor 7:7 ✨ 9:6 Trav 4:36 ✨ 9:7 II Tim 2:3 ✨ 9:7 Det 20:6 ✨ 9:8 Wo 3:5 ✨ 9:9 Det 25:4

la.” Èske nou kwè ke se sou zafè bèf ke Bondye ap pale a?

<sup>10</sup> Oswa èske l ap pale espere pou nou? Wi, se ✧pou enterè nou sa te ekri a, paske moun ki laboure tè a dwe laboure avèk espwa, e sila k ap bat rekòlt la dwe bat li avèk espwa ke l ap pataje nan rekòlt la.

<sup>11</sup> ✧Si nou te simen bagay ki apatyen a Lespri ki nan nou an, èske se twòp si nou rekòlte bagay materyèl ki soti nan nou yo?

<sup>12</sup> Si lòt yo gen dwa sou nou, èske nou menm pa gen plis?

Sepandan ✧nou pa t itilize dwa sa a, men nou te sipòte tout bagay ✧pou nou pa anpeche levanjil a Kris la.

<sup>13</sup> Èske nou pa konnen ke sila ki ✧fè sèvis adorasyon yo manje manje tanp lan, e sila ki toujou okipe lotèl la gen pòsyon pa yo sou lotèl la?

<sup>14</sup> Menm jan an tou ✧Senyè a te dirije sila ki pwokame levanjil yo pou twouve mwayen lavi yo nan levanjil la.

<sup>15</sup> Men mwen ✧pa t itilize okenn nan bagay sa yo. E mwen p ap ekri bagay sa yo pou sa kab fèt nan ka pa m nan; paske li ta pi bon pou m mouri, pase pou m kite okenn moun retire fyète m nan men m.

<sup>16</sup> Paske si m preche levanjil la, mwen pa gen anyen pou m ta vante tèt mwen, pwiske ✧mwen

---

✧ **9:10** Wo 4:23 ✧ **9:11** Wo 15:27 ✧ **9:12** Trav 20:33 ✧ **9:12** II Kor 6:3 ✧ **9:13** Lev 6:16,26 ✧ **9:14** Mat 10:10 ✧ **9:15** Trav 18:3 ✧ **9:16** Trav 9:15

anba obligasyon; paske malè a mwen menm si mwen pa preche levanjil la.

<sup>17</sup> Paske si mwen fè sa volontèman, mwen deja gen yon ✧rekonpans. Men si se kont volonte m, mwen vin gen yon jerans ki plase sou mwen menm.

<sup>18</sup> Konsa, kisa ki rekonpans mwen an? Sa, lè m preche levanjil la, mwen kapab ofri levanjil la ✧san frè, pou m pa sèvi tout dwa ke m gen nan levanjil la.

<sup>19</sup> Paske malgre ke m lib de tout moun, mwen fè tèt mwen ✧esklav a tout moun, pou m kapab konvenk plis moun toujou.

<sup>20</sup> ✧Pou Jwif yo mwen te vin Jwif, pou mwen te kapab konvenk Jwif yo. Pou sila ki anba Lalwa yo, kòm si m te anba Lalwa, malgre ke mwen menm pa t anba Lalwa, pou m te kapab konvenk sila ki anba Lalwa yo.

<sup>21</sup> Pou sila ki ✧san lalwa yo, kòm si m te san lalwa, malgre m pa t san lalwa a Bondye a, men ✧anba lalwa a Kris la, pou m te kapab konvenk sila ki san lalwa yo.

<sup>22</sup> Pou ✧fèb yo mwen te vin fèb, pou m te kapab konvenk fèb yo. Mwen te vini ✧tout bagay pou tout moun pou m ta kapab pa tout mwayen sove kèk.

<sup>23</sup> Mwen fè tout bagay pou koz a levanjil la, pou m kapab vin gen dwa patisipe ladann.

<sup>24</sup> Èske nou pa konnen ke nan sila yo ki kouri nan yon kous, yo tout kouri, men se yon sèl ki

---

✧ **9:17** Jn 4:36 ✧ **9:18** Trav 18:3 ✧ **9:19** II Kor 4:5 ✧ **9:20** Trav 16:3 ✧ **9:21** Wo 2:12 ✧ **9:21** Gal 6:2 ✧ **9:22** Wo 15:1 ✧ **9:22** I Kor 10:33

resevwa ✧pri a? Kouri yon jan pou nou kapab genyen.

<sup>25</sup> Tout moun ki patisipe nan gran jwèt yo, egzèse disiplin nan tout bagay. Yo fè sa konsa pou resevwa yon pri k ap peri, men nou menm, pou yon pri ki p ap janm peri.

<sup>26</sup> Konsa, mwen ✧kouri yon jan ki pa manke gwo objektif. Mwen fè bòks yon jan pou m pa pèdi mak la.

<sup>27</sup> Mwen disipline ✧kò mwen pou fè l vin esklav mwen, sof ke petèt lè m fin preche a lòt yo, mwen menm ta vin pa kalifye.

## 10

<sup>1</sup> Paske mwen pa vle ke nou san konprann, frè m yo, ke tout zansèt nou yo te ✧anba nyaj la, e yo tout te pase nan lanmè a. <sup>2</sup> Epi yo tout te ✧batize nan Moïse nan nyaj la ak nan lanmè a; <sup>3</sup> e yo tout ✧te manje menm manje lespri a. <sup>4</sup> Yo tout ✧te bwè menm bwason lespri a, paske yo te bwè nan yon wòch lespri ki te swiv yo; e wòch la se te Kris la. <sup>5</sup> Sepandan, avèk pifò nan yo, Bondye pa t kontan; akòz sa ✧yo te mouri nan dezè a.

<sup>6</sup> Alò, bagay sa yo te rive kòm yon egzanp pou nou, pou nou pa gen move lanvi jan ✧yo menm te gen move lanvi a. <sup>7</sup> Pa vin moun idolat tankou kèk nan yo te ye a, paske sa ekri: ✧“Pèp la te chita pou manje ak bwè, e te kanpe pou jwe.” <sup>8</sup> Ni pou nou pa kite nou aji avèk imoralite, jan kèk

---

✧ **9:24** Fil 3:14 ✧ **9:26** Eb 12:1 ✧ **9:27** Wo 8:13 ✧ **10:1** Egz 13:21 ✧ **10:2** Wo 6:3 ✧ **10:3** Egz 16:4,35 ✧ **10:4** Egz 17:6 ✧ **10:5** Nonb 14:29,37 ✧ **10:6** Nonb 11:4,34 ✧ **10:7** Egz 32:6

nan yo te fè, e ✧venn-twa-mil te tonbe nan yon sèl jou. <sup>9</sup> Ni nou pa pou tante Senyè a, jan ✧kèk nan yo te fè a, e yo te detwi pa sèpan yo. <sup>10</sup> Ni plenyen tankou kèk nan yo te fè a, e yo ✧te detwi pa destriktè a. <sup>11</sup> Alò, bagay sa yo te rive yo kòm yon egzanp. ✧Yo te ekri pou enstwi nou, sou sila a ✧fen tan yo gen tan fin parèt. <sup>12</sup> Konsa, kite sila ki ✧panse li kanpe a fè atansyon pou li pa tonbe.

<sup>13</sup> Pa gen tantasyon ki parèt devan nou, ki pa menm rive devan tout moun. Men ✧Bondye fidèl. Li p ap kite nou ✧tante plis ke sa nou kab sipòte, men avèk tantasyon an, Li va founi yon mwayen pou nou chape tou pou nou ka andire l.

<sup>14</sup> Konsa, byeneme m yo, sove kite ✧idolatri. <sup>15</sup> Mwen pale, konsi, se ak moun saj. Byen jije sa ke mwen di a. <sup>16</sup> Lè nou ✧beni tas beni a, èske nou pa pataje san Kris la? Lè nou kase pen an, èske nou pa pataje nan kò Kris la? <sup>17</sup> Paske gen yon sèl pen, nou menm ✧ki anpil la se yon sèl kò; paske nou tout pataje yon sèl pen. <sup>18</sup> Gade nasyon Israèl la selon lachè a. Èske se pa tout sila ki ✧manje sakrifis ki pataje sou lotèl yo?

<sup>19</sup> Kisa mwen vle di konsa? Ke yon bagay ki te sakrifye a zidòl se yon bagay, oswa ✧ke yon zidòl se yon bagay? <sup>20</sup> Non, men mwen di bagay yo ke pèp payen yo sèvi nan sakrifis yo, yo ✧sakrifye

---

✧ **10:8** Nonb 25:9 ✧ **10:9** Nonb 21:5 ✧ **10:10** Nonb 16:49

✧ **10:11** Wo 4:23 ✧ **10:11** Wo 13:11 ✧ **10:12** Wo 11:20

✧ **10:13** I Kor 1:9 ✧ **10:13** II Pi 2:9 ✧ **10:14** I Kor 10:7,19

✧ **10:16** Mat 26:27 ✧ **10:17** Wo 12:5 ✧ **10:18** Lev 7:6,14

✧ **10:19** I Kor 8:4 ✧ **10:20** Det 32:17

bay dyab yo, e pa a Bondye; epi mwen pa vle nou devni moun k ap pataje bagay bay dyab.

<sup>21</sup> ✧ Nou pa kapab bwè tas Senyè a ak tas a dyab yo. Nou pa kapab pataje tab a Senyè a, ak tab a dyab yo. <sup>22</sup> Oubyen èske nou ✧pouse Senyè a a jalouzi? Èske nou ✧pi fò pase Li?

<sup>23</sup> ✧ Tout bagay pèmèt, men se pa tout bagay ki itil. Tout bagay pèmèt, men se pa tout bagay ki ✧edifye. <sup>24</sup> Pa kite nou ✧ cache pwòp enterè pa nou, men sa ki bon pou vwazen nou. <sup>25</sup> ✧ Manje avèk bon konsyans nenpòt vyann ki vann nan mache, san poze kesyon. <sup>26</sup> ✧ “Paske tè a se pou Senyè a avèk tout sa ki ladann.” <sup>27</sup> Si ✧youn nan sila ki pa kwè yo envite nou, e nou vle ale ✧manje nenpòt bagay ke yo mete devan nou, avèk bon konsyans e san poze kesyon. <sup>28</sup> Men si yon moun di nou: “Vyann sa a te sakrifye bay zidòl,” pa manje l, pou kòz a sila ki te enfòmè nou an, ak pou bon konsyans. Paske “Latè se pou Senyè, ak tout ki ranpli l.” <sup>29</sup> Mwen pa vle di pwòp konsyans pa nou, men konsyans pa li. Paske ✧poukisa libète mwen vin jije pa konsyans a yon lòt? <sup>30</sup> Si mwen patisipe avèk remèsiman, poukisa libète mwen mal jije pou sa ke mwen ✧bay remèsiman?

<sup>31</sup> Alò, konsa ✧si nou manje oswa si nou bwè, nan nenpòt sa ke nou fè, fè yo tout a laglwa

---

✧ **10:21** II Kor 6:16    ✧ **10:22** Det 32:21    ✧ **10:22** Ekl 6:10  
 ✧ **10:23** I Kor 6:12    ✧ **10:23** Wo 14:19    ✧ **10:24** Wo 15:2  
 ✧ **10:25** Trav 10:15    ✧ **10:26** Sòm 24:1    ✧ **10:27** I Kor 5:10  
 ✧ **10:27** Luc 10:8    ✧ **10:29** Wo 14:16    ✧ **10:30** Wo 14:6  
 ✧ **10:31** Kol 3:17

Bondye. <sup>32</sup> ✧Pa ofanse ni Jwif, ni Grèk, ni legliz Bondye a.

<sup>33</sup> Menm jan ke mwen osi ✧fè tout moun plezi nan tout bagay, pa pou chache pwòp enterè pa m, men enterè a anpil moun, jis pou yo kapab sove.

## 11

<sup>1</sup> ✧Se pou nou vin imitatè a mwen menm, menm jan ke mwen osi se imitatè a Kris la.

<sup>2</sup> Alò mwen fè nou konpliman akòz ke nou ✧sonje mwen nan tout bagay, e nou kenbe fèm a tout sa ke m enstwi nou yo, jis jan ke m te livre yo bannou an. <sup>3</sup> Men mwen vle nou konprann ke Kris se ✧tèt a tout gason, gason se tèt a fanm nan, e Bondye se tèt a Kris la. <sup>4</sup> Tout gason ki gen yon bagay sou tèt li pandan l ap priye oubyen ✧pwofetize, dezonore tèt li. <sup>5</sup> Men chak fanm ki kite tèt li dekouvri pandan l ap priye oubyen pwofetize, dezonore tèt li. Paske li vin menm jan avèk yon fanm ki ✧pase razwa nan tèt li. <sup>6</sup> Paske si yon fanm pa kouvri tèt li, kite li koupe cheve l tou. Men si se yon dezonè pou yon fanm koupe cheve li, oswa pase razwa nan tèt li, kite li kouvri tèt li. <sup>7</sup> Paske yon gason pa ta dwe kouvri tèt li akòz ke li se ✧imaj ak glwa a Bondye, men fanm nan se glwa a gason. <sup>8</sup> Paske ✧gason pa soti nan fanm, men fanm soti nan gason. <sup>9</sup> Paske, gason pa t kreye pou koz a fanm nan, men ✧fanm nan

---

✧ **10:32** Trav 24:16 ✧ **10:33** Wo 15:2 ✧ **11:1** I Kor 4:16  
 ✧ **11:2** I Tes 1:6 ✧ **11:3** Ef 5:23 ✧ **11:4** Trav 13:1 ✧ **11:5**  
 Det 21:12 ✧ **11:7** Jen 1:26 ✧ **11:8** Jen 2:21-23 ✧ **11:9** Jen  
 2:18



pou koz a gason an. <sup>10</sup> Konsa, fanm nan dwe gen yon siyal otorite sou tèt li akoz zanj yo.

<sup>11</sup> Sepandan, nan Senyè a, ni fanm nan pa endepandan de gason an, ni gason an pa endepandan de fanm nan. <sup>12</sup> Paske menm jan ke fanm nan sòti nan gason an, osi gason an gen nesans li atravè fanm nan; men tout bagay sòti ✧nan Bondye. <sup>13</sup> ✧Jije nou menm: èske li bon pou yon fanm priye Bondye avèk tèt li dekouvri? <sup>14</sup> Èske menm lanati li menm pa enstwi nou ke si yon nonm gen cheve long, se yon dezonè pou li, <sup>15</sup> men si yon fanm gen cheve long, se yon glwa pou li? Paske cheve li te donnen kon yon kouvèti pou li. <sup>16</sup> Men si yon moun ta vle diskite kont sa, ni nou menm, ni ✧legliz Bondye yo ✧pa pou gen okenn lòt pratik.

<sup>17</sup> Men lè mwen bay nou komman sila a, ✧mwen pa fè nou konpliman, paske nou pa reyini ansanm pou sa ki pi bon men pou sa ki pi mal. <sup>18</sup> Paske premyèman, lè nou reyini ansanm kòm yon legliz, mwen tande ke ✧gen divizyon pami nou, e mwen kwè yon pati nan sa gen verite. <sup>19</sup> Paske toujou oblije gen divizyon pami nou jis pou sila ki apwouve yo kapab vin parèt klè pami nou. <sup>20</sup> Konsa, lè nou reyini ansanm, nou pa fè l pou nou manje manje Senyè a. <sup>21</sup> Olye sa, nan manje a, chak moun pran pwòp manje pa l avan. Yon moun grangou, e ✧yon lòt sou. <sup>22</sup> Kisa! Nou pa gen kay kote nou kapab manje ak bwè?

---

✧ **11:12** Wo 11:36 ✧ **11:13** Luc 12:57 ✧ **11:16** I Kor 7:17

✧ **11:16** I Kor 4:5 ✧ **11:17** I Kor 11:2,22 ✧ **11:18** I Kor 1:10

✧ **11:21** Jd 12

Oubyen èske nou meprize ✧legliz Bondye a, e fè sila ki manke yo wont? Kisa m kapab di nou? Èske m dwe fè nou konpliman? Nan sa, mwen p ap fè nou konpliman.

<sup>23</sup> Paske mwen te resevwa soti nan Senyè a sa ke m te livre bannou an, ke ✧Senyè a Jésus, nan nwit ke Li te trayi a, te pran pen an. <sup>24</sup> Lè L te fin bay remèsiman, li te kase li e te di: **“Pran, manje. Sa se kò Mwen ki kase pou nou. Fè sa nan memwa a Mwen menm.”** <sup>25</sup> Menm jan an, apre soupe a li te pran tas la osi e te di: **“Tas sa a se ✧akò tounèf nan san Mwen an. Tout tan ke nou bwè li, fè sa nan memwa a Mwen menm.”**

<sup>26</sup> Paske tout tan ke nou manje pen sa a, e bwè tas sa a, nou pwoklame lanmò Senyè a ✧jiskaske Li vini.

<sup>27</sup> Konsa, nenpòt moun ki manje pen an oubyen bwè tas Senyè a nan yon fason ki pa dign, va ✧koupab de kò ak san Senyè a. <sup>28</sup> Men yon moun dwe ✧egzamine tèt li, e konsa kite li manje pen an e bwè tas la. <sup>29</sup> Paske sila ki manje e ki bwè nan yon jan ke li pa merite, manje e bwè jijman sou tèt li si li pa byen jije kò Senyè a. ✧

<sup>30</sup> Pou rezon sa a, anpil pami nou fèb, malad, e kèk ✧ mouri. <sup>31</sup> Men si nou te byen jije pwòp tèt nou, nou pa t ap vin jije. <sup>32</sup> Men lè nou vin jije, nou ✧ korije pa Senyè a pou nou pa vin kondane ansanm avèk mond lan. <sup>33</sup> Konsa, frè m yo, lè nou reyini ansanm pou nou manje, se pou nou

---

✧ **11:22** I Kor 10:32   ✧ **11:23** I Kor 11:23-25   ✧ **11:25** Luc 22:20   ✧ **11:26** Jn 21:22   ✧ **11:27** Eb 10:29   ✧ **11:28** Mat 26:22   ✧ **11:29** Trav 7:60   ✧ **11:30** Trav 7:60   ✧ **11:32** II Sam 7:14

tann youn lòt. <sup>34</sup> Si yon moun ✧grangou, ke li manje ✧lakay li, pou nou pa reyini ansanm pou jijman. Rès bagay yo mwen va regle yo lè m vini.

## 12

<sup>1</sup> Alò, konsènan ✧don Lespri Sen yo, frè m yo, mwen pa vle nou enkonsyan de yo. <sup>2</sup> ✧Nou konnen ke lè nou te payen, nou te ✧mennen egare kote zidòl ki pa t kapab pale yo, nenpòt jan yo ta ka mennen nou. <sup>3</sup> Konsa, mwen fè nou konnen ke pa gen pèsòn k ap pale pa Lespri Bondye a ki di: “Jésus madichonnen”. Ni pèsòn p ap ka di: “Jésus se Senyè a”, eksepte ✧ pa Lespri Sen an.

<sup>4</sup> Alò, gen ✧plizyè kalite don, men se menm Lespri a. <sup>5</sup> Gen plizyè kalite ministè, e menm Senyè a. <sup>6</sup> Gen plizyè kalite fonksyon, men menm ✧Bondye a ki fè tout bagay fonksyone nan tout moun. <sup>7</sup> Men chak kwayan resevwa ✧don Lespri a, pou lavantaj a tout moun. <sup>8</sup> Paske a yon moun pawòl ✧sajès la bay selon Lespri a, e a yon lòt pawòl konesans lan selon menm Lespri a. <sup>9</sup> A yon lòt ✧lafwa pa menm Lespri a, e a yon lòt ✧don gerizon pa Lespri a, <sup>10</sup> epi a yon lòt don pou fè mirak, e a yon lòt, pwofesi, e a yon lòt ✧kapasite pou distenge pami lespri yo, a yon lòt plizyè kalite langaj, e a yon lòt, pou entèprete lang yo. <sup>11</sup> Men youn e menm Lespri a travay nan tout bagay sa yo, e Li ✧distribiye yo a chak

---

✧ **11:34** I Kor 11:21 ✧ **11:34** I Kor 11:22 ✧ **12:1** I Kor 12:4  
 ✧ **12:2** I Kor 6:11 ✧ **12:2** I Tes 1:9 ✧ **12:3** Mat 22:43 ✧ **12:4**  
 Wo 12:6 ✧ **12:6** I Kor 15:28 ✧ **12:7** I Kor 12:12-30 ✧ **12:8**  
 I Kor 2:6 ✧ **12:9** I Kor 13:2 ✧ **12:9** I Kor 12:28,30 ✧ **12:10**  
 I Kor 14:29 ✧ **12:11** I Kor 12:4

greenn moun selon volonte Li.

<sup>12</sup> Paske menm jan ke kò a se yon sèl, men gen anpil manm, e tout manm kò yo, malgre ke yo anpil, yo se yon sèl kò ✧konsa tou Kris la ye.

<sup>13</sup> Paske ✧pa yon sèl Lespri, nou tout te batize nan yon sèl kò, kit Jwif, kit Grèk, kit esklav, kit lib, e nou tout te fèt pou ✧bwè nan yon sèl Lespri.

<sup>14</sup> Paske ✧kò a se pa yon sèl manm, men anpil manm. <sup>15</sup> Si pye a ta di: “Akoz ke mwen se pa yon men, mwen pa yon pati nan kò a,” se pa sa ki ta fè l okenn mwens yon pati nan kò a. <sup>16</sup> Epi si zòrèy la di: “Mwen pa yon zye, mwen pa yon pati nan kò a,” se pa pou rezon sa a li pa omwen yon pati nan kò a. <sup>17</sup> Si tout kò a te yon zye, kote zòrèy la t ap ye? Si tout kò a te sèl zòrèy, kote nen pou santi t ap ye? <sup>18</sup> Men koulye a Bondye byen ✧plase manm yo, yo chak nan kò a ✧jis jan Li te vle a. <sup>19</sup> Si yo tout te yon sèl manm, kote kò a t ap ye? <sup>20</sup> Men koulye a ✧gen anpil manm, men yon sèl kò. <sup>21</sup> Konsa, zye a pa kapab di a men an: “Mwen pa bezwen ou” ni ankò, tèt la a pye yo: “Mwen pa bezwen nou.” <sup>22</sup> Okontrè, li pi vrè ke manm kò ki sanble pi fèb yo nesesè. <sup>23</sup> Epi manm nan kò yo ke nou estime mwens onorab yo, sou yo nou bay plis onè, e manm ki mwens prezantab nou yo, vin pi prezantab, <sup>24</sup> pandan ke manm pi prezantab nou yo pa bezwen sa. Men Bondye byen ranje kò a pou bay plis onè a manm ki manke onè yo, <sup>25</sup> jis pou pa vin gen

✧ **12:12** I Kor 12:27 ✧ **12:13** Ef 2:18 ✧ **12:13** Jn 7:37-39

✧ **12:14** I Kor 12:20 ✧ **12:18** I Kor 12:28 ✧ **12:18** Wo 12:6

✧ **12:20** I Kor 12:12

divizyon nan kò a, men pou manm yo kapab gen menm sousi pou youn lòt. <sup>26</sup> Si yon manm soufri, pou tout manm yo soufri avèk li. Si yon manm resevwa onè, pou tout manm yo rejwi avèk li.

<sup>27</sup> Alò ansanm, nou se kò a Kris la, e nou se chak grenn ✧manm de li. <sup>28</sup> Konsa, Bondye te ✧chwazi nan legliz la, premyèman ✧apot yo, dezyèmman, pwofèt yo, twazyèmman, enstriktè yo, answit don mirak yo, answit don gerizon yo, èd yo, administrasyon yo, plizyè kalite langaj yo. <sup>29</sup> Èske se tout ki apot? Non! Èske tout se pwofèt? Non! Èske tout se enstriktè? Non! Èske se tout ki fè mirak? Non! <sup>30</sup> Èske tout fè gerizon? Non! Èske tout pale an lang? Non! Èske tout entèprete? Non! <sup>31</sup> Men ✧swayezman kiltive dezi pou pi gran don yo. E mwen va montre nou yon chemen ki toujou pi ekselan.

## 13

<sup>1</sup> Si mwen pale avèk ✧lang a lèzòm ak zanj yo, men mwen pa gen lanmou, mwen tankou yon klòch k ap fè gwo bwi oubyen yon ✧senbal k ap sone. <sup>2</sup> Si m gen don pwofesi, e konnen tout ✧mistè ak tout konesans; epi si mwen gen tout lafwa, kòm si pou m ta kapab deplase mòn yo, men mwen pa gen lanmou, mwen pa anyen. <sup>3</sup> Si mwen ✧bay tout sa ke m posede pou bay manje

---

✧ **12:27** Wo 12:5 ✧ **12:28** I Kor 12:18 ✧ **12:28** Ef 4:11  
 ✧ **12:31** I Kor 14:1,39 ✧ **13:1** I Kor 12:10 ✧ **13:1** Sòm 150:5  
 ✧ **13:2** I Kor 12:10,28,30; I Kor 13:2 ✧ **13:3** Mat 6:2

a pòv yo, e si mwen ✨livre kò m pou brile, men mwen pa gen lanmou, sa p ap rapòte m anyen.

<sup>4</sup> Lanmou ✨pasyan, lanmou dous; li pa jalou. Lanmou pa vante tèt li e li pa awogan. <sup>5</sup> Li pa aji malonètman, ni li pa chache pwòp enterè pa l. Li pa fè kòlè ✨pa teni kont de mal li resevwa. <sup>6</sup> Li pa rejwi nan lenjistis, men ✨rejwi nan verite a. <sup>7</sup> Li ✨sipòte tout bagay, kwè tout bagay, espere tout bagay, andire tout bagay.

<sup>8</sup> Lanmou pa janm echwe. Si gen don ✨pwofesi, y ap vin disparèt. Si gen don ✨lang, yo va fini. Si gen konesans, li va disparèt. <sup>9</sup> Paske nou ✨konnen yon ti pati e nou pwofetize yon ti pati; <sup>10</sup> men lè sa ki pafè a vini, sa ki poko konplè a va disparèt. <sup>11</sup> Lè m te timoun, mwen te konn pale tankou yon timoun, panse tankou yon timoun, rezone tankou yon timoun. Lè m te vin gran, mwen te kite bagay timoun yo. <sup>12</sup> Paske koulye a nou wè twoub, konsi nan yon glas, men answit nou va wè ✨fasafas. Koulye a m konnen yon ti pati, men answit, mwen va konnen tout bagay menm jan ke Bondye konnen tout bagay de mwen an. <sup>13</sup> Men koulye a, lafwa, lesperans, ak lanmou; rete twa bagay sa yo. Men pi gran nan bagay sa yo, se ✨lanmou.

## 14

<sup>1</sup> ✨Pouswiv lanmou, men ✨dezire ak tout kè

---

✨ **13:3** Dan 3:28 ✨ **13:4** Pwov 10:12 ✨ **13:5** II Kor 5:19  
 ✨ **13:6** II Jn 4 ✨ **13:7** I Kor 9:12 ✨ **13:8** I Kor 13:2 ✨ **13:8**  
 I Kor 13:1 ✨ **13:9** I Kor 8:2 ✨ **13:12** Jen 32:30 ✨ **13:13** Gal  
 5:6 ✨ **14:1** I Kor 16:14 ✨ **14:1** I Kor 12:31

nou, don Lespri yo, sitou don pou nou kapab pwofetize a.

<sup>2</sup> Paske sila ki ✧pale an lang yo pa pale ak moun, men ak Bondye; paske pèsòn pa konprann, men nan lespri li, li pale ✧mistè yo.

<sup>3</sup> Men yon moun ki pwofetize pale ak moun pou ✧fè yo konprann plis, pou egzòte yo, e pou konsòle yo.

<sup>4</sup> Sila ki pale an lang lan, ✧edifye tèt li, men sila ki pwofetize a edifye legliz la.

<sup>5</sup> Alò, mwen ta kontan si nou tout te pale an lang ✧men menm plis, ke nou tout ta pwofetize. Paske pi gran an se sila ki pwofetize a, pase sila ki pale an lang lan, amwenske li entèprete, pou legliz la kapab vin edifye.

<sup>6</sup> Men alò, frè m yo, si mwen vini a nou menm e m ap pale an lang, ki pwofi mwen ye pou nou si omwen mwen pa pale ak nou selon ✧revelasyon, konesans, pwofesi oswa enstriksyon?

<sup>7</sup> Paske menm bagay ki pa gen lavi nan yo, tankou flit, oswa ap, lè yo fè yon son, si li pa yon son ki klè, kijan nou ka fè konnen si sa k ap jwe a se flit la, oswa ap la?

<sup>8</sup> Paske si ✧twonpèt la pwodwi yon son ki pa klè, kijan yon moun va prepare tèt li pou batay la?

<sup>9</sup> Donk nou menm tou, sof ke nou pale an lang pawòl ki klè, kijan yo va konnen sa ki pale a? Paske si li pa konsa, se konsi, ✧nou pale pawòl anlè.

---

✧ **14:2** I Kor 12:10,28,30 ✧ **14:2** I Kor 13:2 ✧ **14:3** Wo 14:19

✧ **14:4** Wo 14:19 ✧ **14:5** Nonb 11:29 ✧ **14:6** I Kor 14:26

✧ **14:8** Nonb 10:9 ✧ **14:9** I Kor 9:26

<sup>10</sup> Genyen, petèt, anpil kalite lang nan mond lan, e okenn pa san konprann.

<sup>11</sup> Si, alò, mwen pa konprann lang lan, a sila ki pale li a, mwen va tankou yon sovaj, e sila ki pale a va yon sovaj pou mwen.

<sup>12</sup> Alò, nou menm osi, paske nou gen zèl pou don Lespri yo, toujou chèche ranpli ak yo pou ✧edifikasyon legliz la.

<sup>13</sup> Konsa, kite sila ki pale an lang lan priye pou li kapab osi entèprete li.

<sup>14</sup> Paske si mwen priye nan yon lang, lespri mwen priye, men entèlijans mwen rete san fwi.

<sup>15</sup> Ki konklizyon alò? Ke mwen va priye avèk lespri a, e mwen va priye avèk entèlijans la osi. Mwen va ✧chante avèk lespri a, e mwen va chante avèk entèlijans la osi.

<sup>16</sup> Otreman, si nou beni nan lespri a sèlman, kijan sila ki okipe plas moun ki san don yo va di ✧“Amen” lè nou bay remèsiman, paske li menm, li pa konnen sa n ap di a?

<sup>17</sup> Paske nou ap bay remèsiman ase byen, men lòt moun nan ✧pa edifye.

<sup>18</sup> Mwen remèsye Bondye m, mwen pale an lang plis ke nou tout.

<sup>19</sup> Sepandan, nan legliz la mwen pito pale senk mo avèk entèlijans mwen, pou m kapab enstwi lòt yo osi, olye di-mil mo an lang.

<sup>20</sup> Frè m yo ✧pa fè tankou timoun nan jan nou reflechi. Nan sa ki mal la ✧rete inosan tankou

---

✧ **14:12** Wo 14:9 ✧ **14:15** Ef 5:19 ✧ **14:16** Det 27:15-26

✧ **14:17** Wo 14:19 ✧ **14:20** Ef 4:14 ✧ **14:20** Mat 18:3



tibebe, men nan jan nou panse, reflechi tankou granmoun.

<sup>21</sup> Nan Lalwa a, li ekri: ✧“Pa lèzòm ak lang etranje yo, e pa bouch etranje yo mwen va pale a pèp sila a, e malgre sa, yo p ap koute Mwen,” di Senyè a.

<sup>22</sup> Kidonk, lang yo se pou yon sign, pa pou sila ki kwè yo, men pou enkwayan yo; men ✧pwofetize se yon sign, pa pou enkwayan yo, men pou sila ki kwè yo.

<sup>23</sup> Donk, si tout legliz la reyini ansanm e yo tout pale an lang, e moun ki san don oubyen enkwayan yo antre, èske yo p ap di ke ✧nou fou?

<sup>24</sup> Men si nou tout ap pwofetize, e yon enkwayan oubyen yon moun ki san don antre, l ap vin ✧konvenk pa tout bagay. Konsa, li va rele pou vin rann kont de tout bagay. <sup>25</sup> Sekrè a kè li vin devwale, e konsa li va tonbe sou fas li pou adore Bondye e ✧deklare ke Bondye an verite pami nou.

<sup>26</sup> Alò ki rezilta frè m yo? Lè nou reyini, chak moun gen yon sòm, gen yon enstriksyon, gen yon revelasyon, gen yon lang, gen yon entèpretasyon. ✧Ke tout bagay fèt pou edifikasyon yon lòt.

<sup>27</sup> Si yon moun pale an lang, li ta dwe pa plis ke de moun, o menm twa. Fòk li an lòd, youn apre lòt, e yon moun dwe ✧entèprete.

<sup>28</sup> Men si pa gen entèprèt, li dwe rete an silans nan legliz la, e kite li pale ak tèt li e ak Bondye.

---

✧ 14:21 És 28:1 ✧ 14:22 I Kor 14:1 ✧ 14:23 Trav 2:13  
 ✧ 14:24 Jn 16:8 ✧ 14:25 És 45:14 ✧ 14:26 Wo 14:19 ✧ 14:27  
 I Kor 12:10

29 Kite de oubyen twa ✧pwofèt pale, e kite lòt yo ✧jije sa.

30 Men si yon revelasyon vin fèt a yon moun ki chita, premye a dwe fè silans.

31 Paske nou tout kapab pwofetize youn apre lòt, pou nou tout kapab konprann e nou tout kapab jwenn egzòtasyon.

32 Konsa, lespri a pwofèt yo se sijè a pwofèt yo.

33 Paske Bondye se pa yon Bondye ki mennen konfizyon, men lapè, tankou nan ✧tout legliz a sen yo.

34 Ke fanm yo rete an silans nan legliz la; paske yo pa pèmèt pou yo pale, men ✧kite yo vin anba lòd, jan Lalwa anplis konn di a.

35 Si yo dezire aprann yon bagay, kite yo mande pwòp mari yo lakay yo; paske se pa pwòp pou yon fanm pale nan legliz la.

36 Ki sa a? Èske se nan nou menm pawòl Bondye a te sòti premyèman? Oubyen èske li vini a nou menm sèlman?

37 ✧Si yon moun panse ke li se yon pwofèt, oswa plen lespri, kite li rekonèt ke bagay ke mwen ekri a nou menm yo se kòmandman a Senyè a.

38 Men si yon moun pa rekonèt sa, li menm, osi li p ap rekonèt.

39 Konsa, frè m yo ✧Se pou nou gen yon dezi sensè pou ✧pwofetize, e pa anpeche moun pale an lang.

---

✧ 14:29 I Kor 14:32,37 ✧ 14:29 I Kor 12:10 ✧ 14:33 I Kor 4:17 ✧ 14:34 I Tim 2:11 ✧ 14:37 II Kor 10:7 ✧ 14:39 I Kor 12:31 ✧ 14:39 I Kor 14:1

40 Men ✧tout bagay dwe fèt byen pwòp ak nan lòd.

## 15

<sup>1</sup> Koulye a, mwen fè konnen a nou menm, frè m yo, levanjil ✧ke mwen te preche a nou an, ke osi nou te resevwa a ladann osi nou kanpe. <sup>2</sup> Pa li menm osi nou ap sove, ✧si nou kenbe fèm a pawòl ke m te preche a nou an, amwenske nou te kwè anven.

<sup>3</sup> Paske mwen te livre a nou kon bagay ki pi enpòtan nan sa ke mwen osi te resevwa a, ke Kris la te ✧mouri pou peche nou yo selon Ekriti sen yo, <sup>4</sup> ke Li te antere, e ke Li te leve nan twazyèm jou a ✧selon Ekriti yo. <sup>5</sup> Epi ke ✧Li te parèt a Céphas, e answit, a ✧douz yo. <sup>6</sup> Apre sa, Li te parèt a plis ke senk san frè yon sèl kou, pifò nan yo rete la jiska prezan, malgre kèk nan yo ✧gen tan mouri. <sup>7</sup> Answit Li te parèt a Jacques, e answit ✧tout apot yo. <sup>8</sup> Epi an dènye, tankou youn pitit ki pa t fèt nan pwòp moman an, ✧Li te parèt a mwen menm tou.

<sup>9</sup> Paske mwen se ✧pi piti a pami apot yo, e ki pa menm dign pou rele apot, paske mwen te konn ✧pèsekite legliz Bondye a.

<sup>10</sup> Men, pa ✧gras Bondye, mwen sa ke mwen ye a, e gras Li anvè mwen pa anven, men mwen te ✧travay menm plis pase yo tout, malgre se pa t mwen, men gras a Bondye ki te avè m nan.

---

✧ 14:40 I Kor 14:33 ✧ 15:1 Wo 5:2 ✧ 15:2 Wo 11:22 ✧ 15:3 Gal 1:4 ✧ 15:4 Sòm 16:8 ✧ 15:5 Luc 24:34 ✧ 15:5 Luc 24:36 ✧ 15:6 Trav 7:60 ✧ 15:7 Luc 24:33,36 ✧ 15:8 Trav 9:3-8 ✧ 15:9 I Tim 1:15 ✧ 15:9 Trav 8:3 ✧ 15:10 Wo 12:3 ✧ 15:10 II Kor 11:23

11 Alò, kit se te pa mwen, kit se te pa yo, konsa nou te preche, epi konsa nou tout te kwè.

12 Alò, si Kris la preche, ke Li te leve nan lanmò, kijan kèk pami nou ap di ke ✧pa gen rezirèksyon mò yo? 13 Si pa gen rezirèksyon pou

mò yo, menm Kris la pa t leve. 14 Epi ✧si Kris la pa t leve, answit nou ap preche anven, e lafwa nou osi anven. 15 Anplis ke sa, nou menm vin twouve nou kòm fo temwen a Bondye, paske nou te temwaye kont Bondye, ke Li te ✧leve Kris la, ke Li pa t leve vrèman, si anfèt mò yo pa leve.

16 Paske si mò yo pa leve, menm Kris la pa t leve.

17 Epi si Kris la pa t leve, lafwa nou vin san valè, e ✧nou toujou nan peche nou yo.

18 Answit sila ki ✧mouri nan Kris yo peri.

19 Konsa, si nou te mete espwa nou nan Kris sèlman nan vi sa a, nou pami moun ki pi pitwayab ✧ke tout moun.

20 Men alò, Kris te vrèman leve soti nan lanmò, kon ✧premye fwi de sila ✧ki mouri yo. 21 Paske si se pa ✧yon sèl moun, lanmò te vini, pa yon moun osi, rezirèksyon mò yo te vini. 22 Paske ✧tankou nan Adam tout moun te mouri an, menm jan an tou nan Kris tout moun va gen lavi.

23 Men chak moun nan pwòp lòd li: Kris, kon premye fwi yo, apre sa ✧sila ki nan Kris yo lè L vini. 24 Answit va vini lafen, lè Li livre ✧wayòm nan a Bondye, Papa a, lè Li fin aboli tout wayòm

✧ 15:12 Trav 17:32 ✧ 15:14 I Tes 4:14 ✧ 15:15 Trav 2:24

✧ 15:17 Wo 4:25 ✧ 15:18 I Kor 15:6 ✧ 15:19 I Kor 4:9

✧ 15:20 I Kor 15:23 ✧ 15:20 I Tes 4:16 ✧ 15:21 Wo 5:12

✧ 15:22 Wo 5:14-18 ✧ 15:23 I Tes 4:16 ✧ 15:24 Dan 2:44

yo, tout otorite yo, avèk tout pwisans yo. <sup>25</sup> Paske fòk li renye ✧jiskaske Li mete tout lènmi Li yo anba pye Li. <sup>26</sup> Dènye lènmi ki va ✧aboli a se lanmò.

<sup>27</sup> Paske ✧“Li te fè tout bagay soumèt anba pye Li.” Men lè Li di: “Tout bagay soumèt”, li byen klè ke Li menm ki te fè tout bagay soumèt a Li menm nan, pa ladann.

<sup>28</sup> Lè tout bagay soumèt a Li menm, answit Fis la, Li menm, osi va vin soumèt a Sila ki te soumèt tout bagay a Li menm nan, pou ✧Bondye kapab tout nan tout bagay.

<sup>29</sup> Otreman, kisa sila yo ki batize pou mò yo va fè? Si mò yo pa leve menm, alò poukisa yo batize pou yo? <sup>30</sup> Poukisa nou menm tou, nou ✧an danje a chak moman? <sup>31</sup> Mwen dakò fè nou konnen, frè m yo, pa fyète ke m gen nan nou, ak nan Jésus Kri Senyè nou an, ✧mwen mouri chak jou.

<sup>32</sup> Si se te pou yon motif moun ke m te goumen avèk bèt sovaj chak jou an Éphèse yo, ki pwofi sa t ap ban mwen? Si mò yo pa leve ✧“Annou manje ak bwè, paske demen n ap mouri.” <sup>33</sup> ✧Pa twonpe tèt nou: “Move zanmi gate bon prensip.”

<sup>34</sup> Vin reflechi byen serye jan nou ta dwe fè a, e sispann fè peche; paske kèk nan nou ✧pa menm gen konesans a Bondye. Mwen pale sa pou fè nou wont.

---

✧ **15:25** Sòm 110:1   ✧ **15:26** II Tim 1:10   ✧ **15:27** Sòm 8:6  
 ✧ **15:28** I Kor 12:6   ✧ **15:30** II Kor 11:26   ✧ **15:31** Wo 8:36  
 ✧ **15:32** És 22:13   ✧ **15:33** I Kor 6:9   ✧ **15:34** Mat 22:29

<sup>35</sup> Men yon moun va di: “Kijan ✧mò yo leve a?” Epi “avèk ki kalite kò yo ap vini?”

<sup>36</sup> Moun sòt! Sa ke nou simen pa kapab vin gen lavi amwenske li mouri; <sup>37</sup> Epi sa ke nou simen an, nou pa simen kò a li menm, men yon senp ti grenn, petèt yon ble oubyen yon lòt bagay.

<sup>38</sup> Men Bondye bay li yon kò jis jan ke Li te dezire a, e a ✧chak grenn semans yo yon kò pou kont li.

<sup>39</sup> Tout chè pa menm kalite chè. Gen yon chè pou lòm, e yon lòt chè pou bèt, yon lòt chè pou zwazo, e yon lòt pou pwason. <sup>40</sup> Gen osi kò selès ak kò tèrès, men laglwa selès la se youn, e laglwa tèrès la se yon lòt. <sup>41</sup> Gen yon glwa nan solèy la, yon lòt glwa nan lalin lan, e yon lòt nan zetwal yo; paske chak zetwal apa nan glwa li.

<sup>42</sup> Menm jan an tou pou rezirèksyon a mò yo. Li simen kòm ✧yon kò perisab, men li leve kòm yon kò enperisab.

<sup>43</sup> Li simen nan dezonè, li leve nan ✧laglwa. Li simen nan feblès, li leve nan pouvwa.

<sup>44</sup> Li simen kòm yon ✧kò natirèl; li leve kòm yon kò espiryèl. Si gen yon kò natirèl, anplis gen yon kò espiryèl.

<sup>45</sup> Menm jan an osi sa ekri: “Premye ✧lòm nan, Adam, te devni yon nanm vivan.” Dènye Adam an, Jésus Kris, yon lespri ki bay lavi. <sup>46</sup> Sepandan, sa ki gen lespri a pa vini avan, men sa ki natirèl la, answit sa ki gen lespri a. <sup>47</sup> Premye lòm nan ✧sòti nan latè. Li se moun tèrès. Dezyèm lòm nan sòti nan syèl la. <sup>48</sup> Jan tè a ye a, se konsa

---

✧ 15:35 Jn 12:24 ✧ 15:38 Gal 1:11 ✧ 15:42 Wo 8:21 ✧ 15:43 Fil 3:21 ✧ 15:44 I Kor 2:14 ✧ 15:45 Jen 2:7 ✧ 15:47 Jn 3:31

sil a ki tèrès yo ye tou; e ✧menm jan selès la ye a, konsa selès yo ye tou. <sup>49</sup> Jis jan ke nou ✧pote imaj a tèrès la, konsa osi nou ✧va pote imaj a selès la. <sup>50</sup> Alò m ap di sa, frè m yo, ke chè ak san pa kapab ✧eritye wayòm Bondye a; ni sa ki perisab la pa kapab eritye sa ki enperisab la.

<sup>51</sup> Gade byen, m ap di nou yon ✧mistè. Se pa nou tout ki va mouri, men nou tout va ✧chanje, <sup>52</sup> nan yon moman, nan yon ti bat zye, nan dènye twonpèt la. Paske twonpèt la va sone, mò yo va vin leve enperisab, e ✧nou tout va vin chanje. <sup>53</sup> Paske perisab la dwe abiye avèk enperisab la, e ✧mòtèl sa a dwe abiye avèk imòtalite. <sup>54</sup> Men lè perisab sila a fin abiye avèk enperisab la, e mòtèl sila a fin abiye avèk imòtalite a, alò va vin akonpli pawòl ki ekri a: ✧“Lanmò vin vale nèt pa viktwa.”

<sup>55</sup> ✧“O lanmò, kote viktwa ou? O lanmò, kote doulè pikan an?”

<sup>56</sup> Doulè pikan lanmò a se peche, e ✧pouvwa a peche a se Lalwa a.

<sup>57</sup> Men gras a Bondye, ki bannou ✧viktwa atravè Senyè nou an, Jésus Kri. <sup>58</sup> Pou sa, byeneme frè m yo, rete fidèl, san varye, toujou ranpli avèk ✧bon zèv Senyè a, avèk konesans ke travay nou nan Senyè a pa anven.

---

✧ 15:48 Fil 3:20 ✧ 15:49 Jen 5:3 ✧ 15:49 Wo 8:29 ✧ 15:50 I Kor 6:9 ✧ 15:51 I Kor 13:2 ✧ 15:51 II Kor 5:2,4 ✧ 15:52 I Tes 4:15,17 ✧ 15:53 II Kor 5:4 ✧ 15:54 És 25:8 ✧ 15:55 Os 13:14 ✧ 15:56 Wo 3:20 ✧ 15:57 Wo 8:37 ✧ 15:58 I Kor 16:10

## 16

<sup>1</sup> Koulye a konsènan ✧ofrann pou sen yo; jan mwen te dirije legliz Galatie yo, konsa mwen fè nou konnen tou. <sup>2</sup> Nan premye jou nan semèn nan, ke nou chak mete sou kote e sere, selon jan li te byen reyisi, pou okenn ✧ofrann pa fèt lè m vini. <sup>3</sup> Konsa, lè m rive ✧nenpòt moun ke nou ta kab chwazi, mwen va voye yo avèk lèt pou pote kado nou an Jérusalem; <sup>4</sup> epi si li nesèsè pou m ale tou, yo va ale avè m.

<sup>5</sup> Men mwen va vini a nou menm apre mwen pase Macédoine, paske ✧m ap pase Macédoine.

<sup>6</sup> Petèt mwen va rete avèk nou, oswa menm pase sezon livè a, pou nou kapab ✧voye m ale nenpòt kote ke m ta kab ale. <sup>7</sup> Paske mwen pa vle wè nou koulye a ✧sèlman an pasan; paske mwen espere rete avèk nou pou kèk tan si Dye vle.

<sup>8</sup> Men mwen va rete ✧Éphèse jiska fèt pannkot la; <sup>9</sup> Paske yon ✧pòt byen laj e efikas vin louvri a mwen menm, e gen anpil advèsè.

<sup>10</sup> Alò, si ✧Timothée vini, fè si ke li avèk nou san koz pou pè; paske l ap fè ✧travay a Bondye a, menm jan mwen ap fè l la. <sup>11</sup> Donk, pa kite pèsòn meprize li. Men voye l al fè wout li ✧anpè, pou li kapab vin jwenn mwen; paske m ap tann li avèk frè yo.

<sup>12</sup> Men konsènan ✧Apollos, frè nou an, mwen te ankouraje li anpil pou li vin jwenn nou avèk

---

✧ **16:1** Trav 24:17 ✧ **16:2** II Kor 9:4 ✧ **16:3** II Kor 3:1 ✧ **16:5** Trav 19:21 ✧ **16:6** Trav 15:3 ✧ **16:7** II Kor 1:15 ✧ **16:8** Trav 18:19 ✧ **16:9** Trav 14:27 ✧ **16:10** I Kor 4:17 ✧ **16:10** I Kor 15:58 ✧ **16:11** Trav 15:33 ✧ **16:12** Trav 18:24



frè yo. Li pa t vle vini koulye a, men li va vini lè li gen opòtinite. <sup>13</sup> ✧ Rete vijilan, kanpe fèm nan lafwa, pran kouraj, mete nou dyanm. <sup>14</sup> Ke tout sa ke nou fè, fèt ✧ ak lanmou.

<sup>15</sup> Alò, mwen ankouraje nou, frè m yo (nou konnen ✧ lakay Stéphanas, ke yo te premye fwi nan Achaïe e ke yo te bay tèt yo pou ✧ ministè a sen yo). <sup>16</sup> Pou ✧ nou osi vin soumèt a kalite moun sa yo e a tout moun ki ede nan zèv ak travay la. <sup>17</sup> Mwen rejwi de rive a Stéphanas ak Fortunatus ak Achaïcus paske yo te founi ✧ sa ki te manke nan pati a nou menm. <sup>18</sup> Paske yo te renouvle lespri mwen ak lespri pa nou osi. Donk ✧ se pou nou rekonèt moun tankou sa yo.

<sup>19</sup> Legliz Asie yo salye nou. ✧ Aquilas avèk Priscille salye nou avèk tout kè yo nan Senyè a, avèk ✧ legliz ki lakay yo a. <sup>20</sup> Tout frè yo salye nou. ✧ Salye youn lòt avèk yon bo ki sen.

<sup>21</sup> Salitasyon de ✧ pwòp men pa m—Paul. <sup>22</sup> Si yon moun pa renmen Senyè a, li dwe modi. Maranata (Jésus ap vini). ✧ Vin non, Senyè nou an! <sup>23</sup> ✧ Ke gras Senyè a Jésus avèk nou. <sup>24</sup> Ke lanmou mwen avèk nou tout nan Jésus Kri. Amen.

---

✧ **16:13** Mat 24:42 ✧ **16:14** I Kor 14:1 ✧ **16:15** I Kor 1:16  
 ✧ **16:15** Wo 15:31 ✧ **16:16** I Tes 5:12 ✧ **16:17** II Kor 11:9  
 ✧ **16:18** Fil 2:29 ✧ **16:19** Trav 18:2 ✧ **16:19** Wo 16:5 ✧ **16:20**  
 Wo 16:16 ✧ **16:21** Wo 16:22 ✧ **16:22** Fil 4:5 ✧ **16:23** Wo  
 16:20

**Bib Sen An**  
**The Holy Bible in Haitian Creole, 2023 update**

copyright © 2017-2023 Ron Smith

Language: Kreyòl Ayisyen (Haitian)

Translation by: Ron Smith

Contributor: Felix Nixon

This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution Share-Alike license 4.0.

You have permission to share and redistribute this Bible translation in any format and to make reasonable revisions and adaptations of this translation, provided that:

You include the above copyright and source information.

If you make any changes to the text, you must indicate that you did so in a way that makes it clear that the original licensor is not necessarily endorsing your changes.

If you redistribute this text, you must distribute your contributions under the same license as the original.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

Note that in addition to the rules above, revising and adapting God's Word involves a great responsibility to be true to God's Word. See Revelation 22:18-19.

2024-04-26

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 26 Apr 2024 from source files dated 26 Apr 2024

10d5899e-31c7-5009-983b-ffc4788d2e5b